

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Struktur dina rumpaka kawih Sunda Islami sanggian Mang Koko kawangun ku imaji, simbul/lambang, musikalitas, suasana, tema, jeung gaya basa. Imaji dina rumpaka kawih Sunda Islami sanggian Mang Koko mibanda tilu sipat nyaéta imaji visual, imaji auditif, jeung imaji taktil. Anu ngagunakeun imaji visual nyaéta rumpaka “Kembang Balébat”, “Kudu ka Saha”, “Lebaran”, “Hirup”, jeung “Pamuka”. Sedengkeun imaji auditif nyampak dina rumpaka “Kembang Balébat”, “Kudu ka Saha”, “Sukur”, “Shalawat Bani Hasyim”, “Al-iman”, “Lebaran”, “Hamdan”, “Kaom Muslim”, “Hirup”, jeung “Pamuka”. Sarta imaji taktil nyampak dina rumpaka “Kembang Balébat”, “Kudu ka Saha”, “Sukur”, “Al-iman”, “Lebaran”, “Ajilu”, “Adzan”, “Papastén”, jeung “Hirup”.

Simbul/lambang nu nyampak ti rumpaka kahiji nepi katilu belas aya 41 (opat puluh hiji) simbul, nyaéta katitén rumpaka “Kembang Balébat” aya lima simbul, rumpaka “Kudu ka Saha” aya opat simbul, rumpaka “Sukur” aya 2 dua simbul, rumpaka “Shalawat Bani Hasyim” aya dua simbul, rumpaka “Al-iman” aya tilu simbul, rumpaka “Lebaran” aya lima simbul, rumpaka “Ajilu” aya tilu simbul, rumpaka “Hamdan” aya sasimbul, rumpaka “Adzan” aya dua simbul, rumpaka “Kaom Muslim” aya dua simbul, rumpaka “Papastén” aya tilu simbul, rumpaka “Hirup” aya genep simbul, jeung rumpaka “Pamuka” aya tilu simbul.

Musikalitas dina rumpaka kahiji nepi ka rumpaka katilu belas dominan ku sora vokal a, sarta konsonan nu dominan nyaéta konsonan nasal saperti m, n, jeung ng. Ku kituna, ieu rumpaka téh kaasup kana karakter eufoni nyaéta merenah pikeun dihaleuangkeun. Tapi sanajan kitu, aya sababaraha kecap anu kaasup kakofoni. Kusabab dominan ku wanda eufoni, wanda kakofoni teu mangaruhan kana kaéndahan rumpaka.

Noval Mohammad Safari, 2019

**RUMPAGA KAWIH SUNDA ISLAMI SANGGIAN MANG KOKO PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN KAWIH DI SMP KELAS VIII (ULIKAN STRUKTUR JEUNG AJEN
ATIKAN)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Suasana nu nyangkaruk dina rumpaka kahiji nepi katilu belas nyaéta miboga suasana sedih, bungah, jeung hariwang. Tapi nu leuwih dominan nyaéta suasana bungah jeung sedih, sarta diuwuhan ku pépéling.

Téma nu nyangkaruk ti rumpaka kahiji nepi katilu belas sakabéhna miboga téma nu sarua saperti ngagungkeun ka kawasaan Allah Swt, kahirupan manusa di alam dunya, sarta nyaritakeun ngeunaan Rosululloh saw.

Gaya basa nu nyangkaruk dina rumpaka kahiji nepi katilu belas di antarana ngagunankeun gaya basa mijalma (personifikasi), gaya basa ébréhan (perifrase), gaya basa kadalon (pleonasmé), gaya basa kahanan, gaya basa raguman (sinekdoke), gaya basa ngasor (litotes), jeung gaya basa ngupamakeun (simile).

Ajén atikan nu nyangkaruk dina rumpaka kahiji nepi katilu belas nyaéta miboga ajén moral, ajén sosial, jeung ajén agama. Tapi sagemblengna diuwuhan ku ajén agama.

Dumasar kana kriteria milih bahan pangajaran, bisa dicindekkeun yén aya tilu rumpaka kawih nu bisa dipaké pikeun alternatif bahan pangajaran, sabab luyu jeung kriteria bahan pangajaran, nyaéta rumpaka kawih “Lebaran”, “Ajilu”, jeung “Kaom Muslim”. Sedengkeun sapuluh rumpaka liana teu dipaké pikeun bahan pangajaran sabab teu luyu jeung kriteria bahan pangajaran hususna tina segi basa jeung psikologi siswa SMP kelas VIII. Sanajan teu dipaké pikeun bahan pangajaran, sapuluh rumpaka kawih éta bisa nambahan pangaweruh boh ku nu maca rumpakana, boh nu ngadangukeun kawihna.

5.2 Implikasi

Struktur dina rumpaka kawih Sunda Islami sanggian Mang Koko. Bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang kaagamaan, sabab bisa katitén ti sakabéh rumpaka loba rupaning hal nu patali jeung kaagamaan hususna agama Islam.

Ajén atikan dina ieu rumpaka, bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan sawatara pangajaran-pangajaran nu bisa dilarapkeun ku paripolah anu hadé dina kahirupan sapopoé.

Noval Mohammad Safari, 2019

RUMPAKA KAWIH SUNDA ISLAMI SANGGIAN MANG KOKO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMP KELAS VIII (ULIKAN STRUKTUR JEUNG AJEN ATIKAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5.3 Rékoméndasi

Dina ieu panalungtikan tangtu miboga kaonjoyan jeung kahéngkérana. Tapi sok sanajan kitu, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh kana salasihiji karya sastra hususna rumpaka kawih. Aya sawatara rékoméndasi anu ditujukeun pikeun sawatara pihak di antarana.

Pikeun masarakat Sunda, dipiharep bisa mikawanoh kana rumpaka kawih Sunda, lantaran rumpaka téh salasihiji karya sastra anu bisa méré informasi pikeun masarakat jamana kiwari ngaliwatan kawihna. Pikeun mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Sunda, dipiharep ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh kana rumpaka kawih, sarta bisa mikawanoh deui kana kawih-kawih Sunda Islami. Salian ti éta, dipiharep bisa jadi tatapakan pikeun panalungtik satuluyna.